



Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ NOUYÒK LA KATHY HOCHUL, GOUVÈNÈ NEW JERSEY A PHIL MURPHY, AK OTORITE PÒTYÈ A DEMARRE TRAVAY KONSTRIKSYON PON DYER AVENUE, SA KI MAKE PREMYE ETAP KONSTRIKSYON NOUVO TÈMINAL OTOBIS MIDTOWN NAN

Nouvo tèminal bis la pral ranplase ansyen enfrastrikti yo ak enstalasyon 21è syèk pou amelyore eksperyans pasaje yo epi diminye konjesyon bis nan lari katye yo

Pwojè a pral gen ladan l yon nouvo etablisman pou estokaj ak mizansèn otobis, yon kapasite rechaj pou akomode flòt otobis elektrik yo, yon espas komèsyal an detay ki adapte ak kominote a, ki bay sou deyò a, ak nouvo ranp ant 10th Avenue ak 11th Avenue

Pon ki konstwi sou pati soutèren Dyer Avenue an ki mennen nan Tinèl Lincoln la pral fasilite konstriksyon tèminal otobis la epi finalman kreye 1.4 ekta tè espas ouvè piblik

Yo pral konstwi nouvo tèminal otobis la pou lavni epi yo dwe fè li pou degaje zewo emisyon

Pwojè a pral kreye 6,000 djòb sendika nan konstriksyon epi satisfè demann pasaje otobis ke yo prevwa pou ane 2040-50 lan

Gouvènè Nouyòk Kathy Hochul, Gouvènè New Jersey a Phil Murphy, ansanm ak Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey te kòmanse konstriksyon pon Dyer Avenue an jodi a, pou make premye etap nan konstriksyon nouvo Tèminal Otobis Midtown lan. Platfòm yo ap fasilite konstriksyon nouvo tèminal otobis la epi y ap itilize yo pou mizansèn otobis yo pandan konstriksyon an. Finalman, pon yo pral transfòme an 1.4 ekta tè nouvo espas vèt ouvè aksesib piblikman apre konstriksyon nouvo tèminal otobis la fini.

"Isit la nan Nouyòk, n ap montre mond lan sa ki posib lè gouvènman an ak kominote lokal la angaje yo pou fè vizyon enfrastrikti modèn nan tounen yon reyalite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yon nouvo Tèminal Otobis Midtown pral ofri yon eksperyans amelyore pou plizyè milyon pasaje, bay katye ki antoure a yon nouvo souf epi asire ke pòtay sa a pou antre nan Vil la se yon pòtay Nouyòkè yo ka fyè de li pou plizyè jenerasyon k ap vini yo."

Gouvènè Phil Murphy te deklare, "Inogirasyon travay jodi a reflekte angajman nou pataje pou amelyore eksperyans transpò piblik la nan tout Zòn Twa Eta a. Lè konstriksyon an fini, nouvo Tèminal Otobis Midtown dènye kri a pral sèvi plizyè santèn milye pasaje chak jou pandan y ap ale travay, lekòl, nan randevou medikal, oswa retounen lakay yo. Pwojè sa a se yon lòt gwo pa nan direksyon modènizasyon enfrastrikti transpò nou an, amelyorasyon eksperyans pasaje yo, epi rediksyon konjesyon otobis yo. Sa ki pi enpòtan, li pral kreye plizyè milye travay sendika ki byen peye, sa ki pral ranfòse mendèv ak ekonomi nou an."

Ranplasman pon yo reprezante premye etap nan ranplasman tèminal otobis ki gen 75 an e ki pa fonksyone byen ak yon enstalasyon klas mondyal. Lè pwojè a fini, li pral gen ladan yon nouvo tèminal prensipal, yon bilding estokaj ak dispatchin separe, ak nouvo ranp ki mennen dirèkteman nan antre ak sòti Tinèl Lincoln la. Plan pwojè a — ki gen ladan yon pwopozisyon pou fèmti pèmanan yon pòsyon nan 41st Street ant Eighth Avenue ak Ninth Avenue, yon antre prensipal santral, plis biznis an detay ki bay sou lari a, ak yon atiyòm enteryè ki gen plizyè etaj ak nouvo espas piblik lib k ap pwogrese — pral amelyore eksperyans pasaje yo nan tèminal otobis ki pi okipe nan mond lan epi li pral vin yon eleman santral pou kominote a. Yo prevwa pwojè a pral kreye apeprè 6,000 djòb nan sektè konstriksyon an ki byen peye.

Prezidan Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey a, Kevin O'Toole, te deklare, "Li vrèman satisfèzan pou nou kòmanse premye etap konstriksyon yon nouvo Tèminal Otobis Midtown ki pral amelyore lavi plizyè santèn milye moun k ap vwayaje chak jou ant New Jersey ak Nouyòk, epi amelyore anpil kominote k ap òganize li a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Murphy ak Gouvènè Hochul pou sipò total yo bay yon pwojè ki pral pote kwasans ekonomik ak vitalite nan rejyon de eta nou an pou plizyè deseni k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey a, Rick Cotton, te deklare, "Inogirasyon jodi a pou premye etap yon nouvo Tèminal Otobis Midtown se yon reyalizasyon enpòtan ki te avanse apre plizyè ane reta gras ak konsantrasyon sou de pwopozisyon kle — amelyore lavi plizyè dizèn milye moun ki vwayaje chak jou epi bay benefis reyèl pou yon kominote ki gen yon fado achitekti ki delabre ak yon gwo kantite sikilasyon bis. Lè nou konsantre sou benefis pou pasaje yo ak kominote ki antoure a, nou pral avanse kounye a ak yon pwojè ki jwi yon sipò san parèy nan tout nivo gouvènman an sou tou de bò rivyè a. Epi finalman, nou sou bon wout pou kreye yon pòtay ke rejyon nou an merite."

Vis Prezidan Otorite Pòtyè a nan Nouyòk ak New Jersey, Jeff Lynford, te deklare, "Jodi a make kòmansman yon transfòmasyon ke yo t ap tann depi lontan: ranplase youn nan pi move delabreman nan rejyon nou an ak yon tèminal otobis modèn ki pi bon. Lè li fini, nouvo etablisman sa a pa sèlman pral amelyore transpò piblik yo — li pral sèvi tou kòm yon resous enpòtan pou katye a. Pwojè sa a se rezilta plis pase yon deseni travay, ki gen ladan plizyè santèn reyinyon ak lidè kominotè yo, defansè transpò piblik, ak ofisyèl eli yo, ansanm ak yon revizyon anviwònmanal rigoure ki te dirije pa

Administrasyon Transpò Piblik Federal la. Gras a angajman pwofon sa a, pwojè a te jwenn yon gwo sipò -- soti nan kominote lokal la rive nan tout nivo gouvènman an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NJ TRANSIT, Kris Kolluri, te deklare, "Nouvo Tèminal Otonbis Midtown lan reprezante yon investisman transfòmatè nan lavni mobilite rejyonal la. Pou NJ TRANSIT, antanke pi gwo lokatè a, pwojè sa plis pase yon senp enfrastrikti — se yon opòtinite inik pou redefini eksperyans depasman pou plizyè dizèn milye rezidan New Jersey ki depann sou li chak jou. Nouvo tèminal la pral kanpe kòm yon pòtay pou opòtinite, epi yon senbòl pwisan angajman pataje nou anvè yon rejyon ki pi solid epi ki pi konekte."

Yon sèvis otobis fyab e efikas ant Nouyòk ak New Jersey enpòtan anpil pou ekonomi toulede eta yo ki konekte youn ak lòt, pliske plizyè santèn milye rezidan New Jersey ap travay nan Vil Nouyòk. Nouvo tèminal la fèt pou satisfè kwasans vwayajè yo prevwa pou 2040-50, bay yon pi bon eksperyans kliyantèl ki sèvi bezwen transpò piblik rejyon an nan 21è syèk la, epi amelyore kominote ki ozalantou a. Pwojè a pa gen ladan l pran okenn pwopriyete prive paske li pral bati sou pwopriyete ki deja egziste nan Otorite Pòtyè a nan Nouyòk ak New Jersey ki etann rive jis nan lwès 11th Avenue.

Nouvo tèminal bis la pral konstwi pou lavni epi li pral fèt pou pwodui zewo emisyon, pou l akomode flòt bis elektrik epi pou l aplike inovasyon teknoloji avanse modèn. Nouvo estrikti ranp lan pral bay yon koneksyon dirèk ak Tinèl Lincoln lan, avèk plis espas pou datant nan liy ak kapasite pou kontoune, kidonk sa k ap diminye konjesyon, sikilasyon otobis, ralantisman ak pakin nan lari lokal yo nan vil la. Komès an detay lokal ki oryante sou deyò epi ki adapte ak kominote a pral benefisye alafwa moun k ap vwayaje pou ale travay yo ak kominote a.

Plan final la pou pwojè ranplasman Tèminal Bis Midtown lan enkòpore anpil opinyon piblik ki soti nan yon vas efò sansibilizasyon kominotè, ki gen ladan kontribisyon ki soti nan Vil Nouyòk, New Jersey, pasaje yo, konsèy kominotè lokal yo ak ofisyèl eli nan tou de eta yo. Yo estime pri total pwojè ranplasman an a anviwon 10 milya dola, epi akizisyon aktyèl pou premye faz pwojè a ap kontinye aktivman. Konstriksyon pon Dyer Avenue an kòmanse kounye a. Pwojè a te resevwa yon sipò san parèy nan men kominote a, vil la, ajans eta yo ak ajans federal yo.

Plan konstriksyon Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey pou nouvo tèminal bis la prevwa pou konstwi li an plizyè faz, kote y ap konstwi pon yo an premye, apre sa y ap konstwi enstalasyon depo ak dispatching lan. Pwojè pon Dyer Avenue a gen ladan konstriksyon de pon sou pòsyon soutèren Dyer Avenue ak Lincoln Tunnel Expressway ant West 37th ak West 38th street epi ant West 38th ak West 39th street. Sant depo ak rasanbleman an ka sèvi kòm yon tèminal tanporè pandan y ap demoli epi ranplase tèminal ki egziste deja a.

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Tèminal Otobis Midtown lan se yon ansyen objè ki datte nan epòk lontan epi li te bezwen yon amelyorasyon ki te vrèman nesèsè. Premye etap sa a pèmèt nou rebati tèminal bis la avèk yon minimòm entèripsyon pou

plizyè santèn milye pasaje chak jou. Pwojè sa a pral reprezante tou yon investisman alontèm nan vil la gras ak kreyasyon 6,000 nouvo djòb ak 1.4 ekta tè espas ouvè ki trè nesèsè nan Midtown. Mwen rekonesan anvè Otorite Pòtyè a paske yo te reyafime angajman li anvè yon eksperyans vwayaj 21èm syèk nan klas mondyal nan Nouyòk."

Reprezantan Jerry Nadler te deklare, "Finalman, apre plizyè ane diskisyon ak negosyasyon difisil ak kominote a, nou finalman kòmanse premye faz yon nouvo Tèminal Otobis Otorite Pòtyè nan Midtown, pon Dyer Avenue yo. Ranplasman tèminal otobis la te dwe konstwi depi lontan epi erezman l ap kontinye. Yon nouvo tèminal otobis pral amelyore kalite lè a epi rann lari nou yo vin pi an sekirite pou pyeton yo lè yo retire tout otobis pou vwayajè ak otobis entè-vil yo nan lari nou yo. Epi li pral ranplase mazi nan yon èminal otobis demode ak deteryore ak yon sant transpò modèn ki efikas ki satisfè bezwen vwayajè yo ak rezidan yo pandan y ap kontribiye nan kwasans ak siksè kontinyèl Vil Nouyòk. Nouvo pon sa yo ap finalman mennen nan yon nouvo espas ouvè 1.4 ekta tè aksesib pou piblik la nan West Side, yon bagay ki vrèman nesèsè nan Hell's Kitchen. Mwen fyè dèske mwen te sipòte pwojè sa a epi mwen te ede l jwenn jiska 1.9 milya dola nan finansman federal nan Pwogram Prè Lwa sou Finansman ak Inovasyon nan Enfrastrikti Transpò (Transportation Infrastructure Finance and Innovation Act, TIFIA) ke Pwogram Build America Administrasyon Biden lan ap defann."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Plizyè santèn milye vwayajè ki soti Nouyòk ak New Jersey konte sou wout sa a ak Tèminal Otobis Midtown lan. Pwojè sa a pral vle di travay nan konstriksyon ki byen peye, transpò ki pi efikas, epi finalman nouvo espas vèt pou kominote a ka jwi. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Gouvènè Murphy pou devouman yo nan fè pwojè sa a tounen yon reyalye epi kreye yon eksperyans transpò ki san pwoblèm ant de eta nou yo."

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Konstriksyon nouvo tèminal otobis Midtown dènye kri nou an ofisyèlman kòmanse. Travay konstriksyon pon yo, ki kòmanse jodi a, pral pèmèt travay sou pwojè sa a kòmanse san deranje sèvis nan tèminal bis ki pi okipe nan mond lan. Li patikilyèman enteresan pou wè lè konstriksyon tèminal la fini, non sèlman n ap gen yon tèminal bis ki pral diminye konjesyon epi akomode plis pasaje, men n ap gen tou nouvo tèren pak, paske y ap transfòme pon yo an 1.4 ekta tè espas vèt aksesib piblikman. Mwen pa ka tann jou tèminal la fini epi Tyèminal Otobis Midtown lan pral soti nan 'pi move' pou pase nan 'premye' nan je plizyè milyon Nouyòkè ki itilize oswa k ap viv toupre tèminal la, ki gen ladan elektè m yo nan West Side Manhattan."

Manm Asanble Tony Simone te deklare, "Kòmansman konstriksyon sou Dyer Avenue make kòmansman transfòmasyon total tèminal bis demode nou an pou l vin tounen yon sant transpò klas mondyal. Gwo investisman sa a ki fèt pa Otorite Pòtyè a pral non sèlman retire otobis nan lari nou yo ki gen anpil moun, men pon sa yo pral evantyèlman tounen nouvo espas vèt pou bò lwès la. Lè l fini, katye sa a yo p ap rekonèt li pou jan l ye kounye a, l ap vin tounen yon kote Nouyòkè yo ap vle pase tan, tout pandan l ap chanje anpil fason plizyè milyon moun ap deplase nan vil nou an ak nan rejyon an."

Majistra Vil Nouyòk, Eric Adams, te deklare, "Jodi a make yon gwo etap enpòtan nan bati avni transpò piblik pou rejyon nou an. Inogirasyon pou Dyer Avenue yo plis pase kòmansman konstriksyon an — se kòmansman yon envestisman transfòmasyon nan enfrastrikti dirab, amelyorasyon kalite lè a, ak elajisman espas piblik. Nouvo Tèminal Otobis Midtown lan pral non sèlman modènize yon sant transpò enpòtan pou pasaje yo, men li pral rekonekte katye nou yo tou, sipòte plizyè milye djòb ki byen peye, epi kreye yon West Side ki pi vèt e ki pi aksesib pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Inogirasyon pou Dyer Avenue a se yon premye etap enpòtan nan ranplasman Tèminal Midtown lan, ki pral yon pwojè ki pote transfòmasyon pou bò lwès la. Li lè pou tèminal otobis ki pi okipe nan mond lan vin yon etablisman klas mondyal pou pasaje yo, vizitè yo ak rezidan yo. Mwen kontan anpil pou pwojè sa a vin yon reyalite epi m ap kontinye travay avèk Otorite Pòtyè a ak kominote a pou asire pi bon rezilta pandan ak apre konstriksyon an."

Manm Konsèy Vil Nouyòk Erik Bottcher, te deklare, "Inogirasyon jodi a make yon moman ki vrèman pote transfòmasyon pou Vil Nouyòk — e sitou pou West Side la. Apre plizyè ane kolaborasyon, planifikasyon, ak gwo angajman kominotè, nou finalman kòmanse pwochen chapit la pou Tèminal Otobis Midtown lan. Pwojè sa a pa sèlman gen pou wè ak ranplase yon bilding — li gen pou wè ak restore yon katye. Lè nou retire otobis nan lari nou yo epi kreye yon rezo espas vèt vibran, n ap rekonekte Hell's Kitchen, n ap geri tisi iben an, epi n ap bay enfrastrikti transpò modèn Nouyòkè yo merite a. Sa a se yon viktwa pou kominote a, pou dirabilite, ak pou avni vil nou an. Mwen ta renmen remèsye Otorite Pòtè a, Konsèy Kominotè Manhattan 4 ak kòlèg mwen yo nan gouvènman an pou tout travay yo te fè pou mennen nou nan pwèn sa a."

Prezidan Komite Transpò ak Enfrastrikti a, Manm Konsè Minisipal Vil Nouyòk, Selvena Brooks-Powers, te deklare, "Transpò piblik ki fyab e aksesib esansyèl pou sante ekonomik ak kalite lavi rejyon nou an. Tèminal Otobis Midtown lan se yon lyen enpòtan pou pasaje yo atravè vil la ak lòt kote, e inogirasyon sa a make yon etap enpòtan nan direksyon pou bay yon etablisman modèn e efikas ki satisfè bezwen 21è syèk yo. Mwen espere kontinye kolaborasyon ak Otorite Pòtyè a pou asire ke pwojè sa a santre sou ekite, dirabilite, ak benefis kominotè nan chak faz."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil Nouyòk la, Andrew Kimball, te deklare, "Avèk lansman konstriksyon pou Dyer Avenue jodi a, vizyon Tèminal Otobis Midtown lan ap fè yon pa anplis pou l vin reyalite epi Midtown Manhattan resevwa yon gwo amelyorasyon. Nouvo tèminal la plis pase youn nan sant transpò ki pi okipe nan peyi a, li pral pote nouvo espas ouvè, diminye konjesyon, anplwaye plizyè milye travayè sendika pandan konstriksyon li, epi pote amelyorasyon enpòtan nan kalite lavi nan Midtown Manhattan."

Komisè Depatman Transpò Vil Nouyòk la, Ydanis Rodriguez, te deklare, "Se yon bon nouvèl pou vil la, pou pasaje otobis yo, ak pou kominote lokal yo nan bò lwès Manhattan ke konstriksyon pou Dyer Avenue yo ap kòmanse kounye a. Lè pwojè ranplasman tèminal otobis nan mitan vil la diminye konjesyon ak machin yo ki pa kanpe,

li fasilite eksperyans pasaje yo, epi li kreye nouvo espas piblik, li pral amelyore anpil zòn sa a ki te deja depase Vil Nouyòk. NYC DOT felisite Otorite Pòtyè a pou inisyativ sa a epi nou pa ka tann ak enpasyans pou kontinye sipòte yo nan inisyativ enpòtan sa a."

Direktè Depatman Planifikasyon Vil Nouyòk la, Dan Garodnick, te deklare, "Li difisil pou egzajere kijan Tèminal Otobis Midtown lan enpòtan pou Vil Nouyòk, rejyon twa eta a, ak peyi a. Se youn nan gwo pòt antre nan vil nou an. Avèk lansman travay konstriksyon pon Dyer Avenue yo jodi a, n ap fè premye pa a nan direksyon yon sant transpò modèn, klas mondyal ke Nouyòkè yo merite. Mwen pa ka tann pou m wè transfòmasyon sa a pran fòm epi sèvi rezidan yo, pasaje yo, ak vizitè yo pou plizyè jenerasyon k ap vini yo."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council, BCTC) nan Greater New York, te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan pou Pwogram Ranplasman Tèminal Otobis Midtown lan, yon pwojè enfrastrikti enpòtan ki non sèlman pral etabli yon sant transpò modèn ak dènye kri pou Nouyòkè yo ak vizitè yo san distenksyon, men tou ki pral jenere plizyè milye karyè sendika nan konstriksyon ki sipòte fanmi yo. Nou felisite Gouvènè Hochul ak Gouvènè Murphy, ansanm ak Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey paske yo ap pouse pou pi devan gwo devlopman sa a ki pral sèvi kòm yon avantaj ekonomik pou vil nou an ak kominote ki ozalantou yo. Manm nou yo ap tann ak enpasyans pou yo jwe yon wòl nan bati pwojè sa a epi pouswiv chemen ki mennen nan klas mwayèn ke li kreye a."

Prezidan Nouyòk League of Conservation Voters, Julie Tighe, te deklare, "Nouvo Tèminal Bis Midtown lan pral chanje tout bagay pou pasaje yo ak rezidan katye yo san distenksyon epi se yon gwo viktwa pou anviwònman an. Pandan l ap sèvi plizyè santèn milye pasaje chak jou, nouvo sant transpò piblik ki adapte ak otobis elektrik ki degaje zewo emisyon, pral diminye polisyon lè a, soulaje fado sou lari katye yo, epi kreye plizyè milye djòb sendika ki byen peye nan pwosesis la. Sa ki pi enpòtan, adisyon 1.4 ekta tè nouvo espas vèt piblik la pral pote benefis anviwònmantal ak sante piblik dirab pou kominote ki antoure a. Nou felisite Gouvènè Hochul ak Murphy ansanm ak Otorite Pòtyè a paske yo te priyorize konsepsyon entelijan pou klima a epi yo te envesti nan yon avni ki pi an sante e ki pi dirab."

Carlo A. Scissura Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Nouyòk Building Congress te deklare, "Inogirasyon sa a se yon moman enpòtan non sèlman pou transfòmasyon West Side Manhattan men pou tout rejyon an. Otorite Pòtyè a ap avanse yon vizyon solid pou transpò piblik ak espas piblik ki pral bay benefis reyèl epi ki pral kreye plis pase 6,000 djòb sendika ki byen peye ak 1.4 ekta tè espas ouvè piblik, tout pandan y ap bay amelyorasyon enfrastrikti ki te dwe fèt depi lontan. Nouvo pwojè Tèminal Otobis Midtown lan se egzakteman kalite investisman Nouyòk bezwen an, epi nou fyè dèske nou kanpe bò kote moun ki te fè l reyalize jodi a – avèk yon remèsiman espesyal pou Rick Cotton pou lidèchip li – pandan n ap kòmanse travay sou pwojè enteresan ak esansyèl sa a."

James Whelan, Prezidan, Konsèy Imobilye nan Nouyòk (Real Estate Board of New York, REBNY), te deklare, "REBNY ak manm li yo kontan wè lansman pwojè sa a. Plis pase jis sipòte kwasans enfrastrikti transpò rejyonal divèsifye Vil Nouyòk la, pwojè a pral dinamize ekonomi nou an ak plizyè milye nouvo djòb ak komès an detay nan Midtown."

Tom Wright, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal, te deklare, "Lansman travay jodi a se rezilta plizyè ane patenarya byen reflechi pou reyalize yon vizyon pataje pou yon Tèminal Otois Midtown ki re-imagjine ki ranfòse kominote lokal la epi elaji koneksyon rejyonal la. Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a se youn nan sant transpò ki gen plis sikilasyon nan peyi a epi li enpòtan pou vitalite ekonomik kontinyèl rejyon twa eta a. Moman sa a make yon etap enpòtan nan direksyon kreyasyon yon tèminal modèn, elaji ki pi bon, ki non sèlman pral sèvi bezwen pasaje yo, men tou ki pral kreye yon sèvis ak yon atraksyon pou kominote a."

PDG Asosyasyon pou yon Pi Bon Nouyòk (Association for a Better New York), Emma Pfohman, te deklare, "Antanke pòtay pou plizyè milyon pasaje ak vwayajè chak ane, Tèminal Otobis Midtown ki renove a non sèlman pral amelyore lavi chak jou Nouyòkè yo, men tou, li pral alimante kwasans ak rezistans kontinyèl vil nou an. Asosyasyon pou yon Pi Bon Nouyòk la bat bravo pou Gouvènè Hochul, Gouvènè Murphy, ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey paske li dirije envestisman enpòtan sa a nan enfrastrikti transpò rejyon an ak nan avni vil nou an."

Prezidan Times Square Alliance lan, Tom Harris, te deklare, "Tèminal Otobis Midtown lan se yon aspè trè enpòtan nan lavi plizyè santèn milye moun ki ale nan Times Square chak jou. Nou felisite toulede gouvènè yo paske yo te fè premye pa sa a nan direksyon nouvo tèminal klas mondyal ki pral vini an, ki pral bay yon lòt rezon ki fè Times Square se youn nan sant transpò ki pi solid nan vil la ak odela."

Pwezidan Bryant Park Corporation, Dan Biederman, te deklare, "Nou te wè yon premye vèsyon plan Otorite Pòtyè a pou tèminal otobis la. Yo ekselan, egzakteman sa nou t ap atann nan men ajans ki te gen siksè dènyèmman ak tèminal nan ayewopò Newark ak LaGuardia yo. Nou sipòte fòtman mezi pwovizwa yo pran pou finalman fè PABT a, ki sèvi kòm yon pòtay pou vizitè Bryant Park yo, vin yon etablisman atiran."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Manhattan (Manhattan Chamber of Commerce) lan, Jessica Walker, te deklare, "Sa a se yon jou enteresan pou tout Nouyòkè yo ansanm ak anplwaye yo ak vizitè k ap vini isit la soti nan tout rejyon an. Pwojè sa a ki oryante sou avni enpòtan anpil pou preparasyon Nouyòk pou kwasans ak demann alavni. Li inovan epi li gen anpil anbisyon nan lanati li, paske li konprann ke pi bon jou vil nou an yo gen pou vini. Felisitasyon pou Otorite Pòtyè a ak Gouvènè Hochul ak Murphy ki mennen nou nan pwèn sa a."

Prezidan Manhattan Community Board 4, Jessica Chait, te deklare, "Komisyon Konsèy 4 la fyè pou l make etap enpòtan sa a nan direksyon yon rejyon ki pi pwòp, ki gem mwens anbouteyaj, e ki pi konekte. Pon Dyer Avenue yo te prepare teren an

literalman pou yon sant transpò modèn ak dirab ki refilete yon pòtay akeyan ak efikas pou antre nan Vil Nouyòk. Nou remèsye Otorite Pòtyè a ak patnè eli nou yo paske yo te santre kontribisyon kominote a nan yon pwojè ki pral amelyore kalite lè a, diminye konjesyon nan lari a, epi pote espas ouvè vital nan katye nou an."

Prezidan Hudson Yards Hell's Kitchen Alliance, Robert J. Benfatto, te deklare, "Hudson Yards Hell's Kitchen Alliance ap tann ak enpasyans finisman konstriksyon pwojè Tèminal Otobis Midtown lan, ki gen ladan pon Dyer yo, pou katye a ka kòmanse sèvi ak yon nouvo enstalasyon transpò otobis, premye klas. Nou pral kontinye defann kominote nou an pandan tout pwosesis long sa a, paske jan misyon nou deklare ke nou angaje pou amelyore kalite lavi popilasyon divèsifye ki ap viv, travay epi vizite distri a."

Konsènan Tèminal Otobis Midtown lan

Tèminal bis ki pi okipe nan mond lan kounye a te ouvri an 1950, apre majistra Vil Nouyòk la te mande Otorite Pòtyè a pou konsolide uit tèminal otobis separe, ki pi piti, nan tout Midtown Manhattan pou soulaje konjesyon nan lari yo. Pandan popilasyon rejyonal la t ap grandi epi gaye jewografikman, Otorite Pòtyè a te elaji kapasite tèminal la an 1963 lè yo te konvèti espas pakin nan yon katriyèm nivo pou operasyon otobis epi ajoute twa nouvo nivo pakin piblik pou 1,000 machin. Rive nan lane 1966, tèminal la te sèvi prèske 69 milyon pasaje, sa ki te mande yon lòt fwa ankò pou ogmante kapasite otobis yo. An 1970, Otorite Pòtyè a te kreye yon liy bis eksklizif (XBL) 3 km (2 mil) sou wout Route 495 New Jersey ki mennen nan Tinèl Lincoln nan, sa ki te bay otobis yo yon aksè pi rapid dirèkteman nan tèminal bis la epi ekonomize pasaje yo jiska 20 minit nan tan vwayaj.

An 1981, Otorite Pòtyè a te ogmante kapasite tèminal otobis la pa 50 pousan avèk yon nouvo ekstansyon Paviyon Nò rive nan 42nd Street ak fasad an pout dyagonal la ke pasaje otobis yo abitye ak li kounye a. Enstalasyon aktyèl la gen yon sifas 176, 515 mè (1.9 milyon pye kare), se tèminal otobis ki pi gwo ak pi okipe nan peyi a. Konpayi transpò endividyèl yo, pi gwo a se NJ Transit, desèvi wout pou pasaje chak jou nan tout New Jersey, lès Pennsilvani, ak sid Hudson Valley, epi tou bay sèvis ant vil pou ale ak pou soti nan kote tankou nò Nouyòk, New England, Mid-Atlantic ak Kanada. Anvan pande Anvan pandemi COVID-19 la, tèminal otobis la te ka akomode anviwon 260,000 vwayaj pasaje an mwayèn nan yon jou lasemèn. Apati ane 2024, tèminal la te sèvi an mwayèn apeprè 205,000 pasaje chak jou pandan semèn nan.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè ranplasman an, vizite sitwèb Otorite Pòtyè a sou ranplasman Tèminal Otobis Midtown lan [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)